

TINDAK TUTUR PENYIAR ING GIYARAN
“MANGGA TRESNA BUDAYA” RADIO MTB FM SURABAYA

Hendra Setiawan

ABSTRAK

Basa minangka sarana komunikasi, saka basa mitra tutur bisa mangerteni apa sing dikarepake dening penutur. Sakabehane tumindak manungsa mesthi ana gegayutane karo basa, kaya ta menehi warta, mrintah, ngajak, lan sapanunggalane. Uga ana ngendi-ngendi panggonan kaya ing pasar, ing dalan, ing radio, lan liya-liyane. Saka andharan ana ndhuwur bisa dimangerteni, yen basa ora bisa ucul saka panguripane manungsa. Uga panulis milih radio ing panliten iki, amarga panulis mangerteni yen radio iku sarana media sing luwih akeh gawe pangucap basa tinimbang media liyane. Radio uga digawe pawongan gawe atur salam, pesen lelagon, lan sapanunggalane. Panulis bakal nintingi kagunan tindak tutur ing giyaran “Mangga Tresna Budaya” radio MTB FM diwawas sacara teori pragmatik. Amarga pragmatik minangka ilmu basa sing ngandharake ngenani maksud tindak tutur saka penutur lan gegayutan banget karo apa kang diucapake dening penutur. Panliten iki sipate *deskriptif*. Dhata kang ana ing panliten iki dijupuk dening panliti ing *lapangan* yaiku sing diucapake dening penyiar MTB FM “Mangga Tresna Budaya”, banjur ditulis tangan iki kalebu dhata *primer* lan ana dhata *sekunder* sing dijupuk saka buku, kamus, jurnal, makalah, karya ilmiah, lan sapanunggalane sing gegayutan karo punjering panliten. Sumber dhatane yaiku sumber *substantive* lan sumber *lokasional*. Tata cara ngumpulake dhata nganggo *observasi*, *wawancara* lan *nyatet*. Tata cara ngandharake nganggo metode *konteks* lan *teks*, dene njlentrehake dhata kanthi cara *deskriptif*.

Tembung wigati : tindak, tutur, radio, penyiar, kagunan

1. Lelandhesaning Panliten

Radio bibit kawite minangka sarana *komunikasi*. Amarga jaman mbiyen ora ana maneka warna sarana kang sarwa jangkep kaya saiki. Yen saiki wis ana telpon, radio, handphone, internet lan sapanunggalane. Beda banget nalika biyen wektu jaman

sadurunge Indonesia mardika mung ana radio kanggo mbiwarakake sakehing pawarta menyang bebrayan agung. Ngono wae sing duwe radio mung wong sithik banget biasane wong-wong kang kagolong sugih.

Kahanane beda banget karo saiki. Kagawa saka owah gingsiring jaman kang ngudokake tandange manungsa iku rikat amarga yen ora bakal kepancal sepur kalah karo manungsa liyane. Radio wis ora dadi barang kang mewah maneh. Radio uga wis ora dadi barang kang penting maneh sajrone proses komunikasi. Amarga radio rinasa kurang *efisien* sajrone proses komunikasi. Jalaran radio mono mung bisa dadi sarana *komunikasi searah* ora bisa *timbang balik* kaya piranti komunikasi liyane. Gunane radio saiki malih dadi sarana hiburan kang utama. Amarga liwat radio kita bisa ngrungokake maneka warna lelagon lan kadhang kala uga ana kang nggiyaraké wayang kulit sawengi natas. Saliyane iku radio uga dadi sarana pambicara tumrape bebrayan agung. Yaiku kanthi liwat adicara brita-brita lan uga maneka warna *dialog* lan *wawancara*.

2. Pragmatik

Pragmatik minangka ilmu basa sing ngandharake maksud tindak tutur saka penutur lan gegayutan banget karo apa kang diucapake dening penutur. Pragmatik diperang dadi telu yaiku: tindak tutur lokusi, ilokusi, lan perlokusi. Kanggo nggampangake anggone ngerti ngenani pragmatik bisa diandharake kanthi cetha.

Yule (2006: 3) njlentrehake yen ta *pragmatik* iku sawijine *studi* ngenani teges kang dituturkake dening penutur lan bakal ditegesi dening mitra tuture. Imbase, *studi* iki bakal ngonceki kanthi nganalisis maksude ukara- ukara kang dituturkake dening

penutur. Saka ukara kang diwedharake iku mau, bisa sinebut tindak tutur. Jalaran ukara kang diwedharake iku mau ndayani mitra tuture bisa nindakake pakaryan kaya dene kang diwedharake.

Tindak tutur yaiku salah sijine jlentrehan ing kajian *pragmatic* (Levinson ing Suyono 1990:5). Panemu kaya mangkono nyethakake yen objek kajian pragmatik luwih akeh njlentrehake tindak tutur ing caturan. Sajrone jlentrehan pragmatik, objek kang dijlentrehake yaiku kang ana gandheng cenenge marang panganggone basa sajrone caturan, yaiku arupa caturan kang dicethakake tegese kanthi cara teori pragmatik.

Tindak Tutur Lokusi

Tindak tutur lokusi yaiku tindak tutur kanggo medharake samubarang (Wijana, 1996:17). Ing tindak tutur lokusi, diasilake reroncene basa kang tegese samubarang (Ibrahim, 1993:15). Tindak tutur lokusi luwih nengenake tegese wedharan tinimbang maksud kang dikarepake dening pamicara. Jalaran tindak tutur lokusi wujud arupa pawarta. saengga *idhentifikasi* kang dianakake luwih gampang. Sebab, *idhentifikasi* ing tindak tutur lokusi ora nggagas konteks wedharan ing kahanan caturan. Miturut Austin, tindak ilokusi yaiku ukara *pengiriman wacana antar pribadi*, sing dimaksud *pribadi* ana kene yaiku antarane wong loro kudu mangerteni apa sing dikarepake marang mitra tuture, kaya sing diandharake ana ndhuwur sajroning tindak ilokusi ana maksud tartamtu, saengga mitra tuture ngelakoni apa sing dikarepake dene penutur. Cetha pambeda antarane tindak lokusi lan tindak ilokusi, tindak lokusi *pengiriman pesan (komunikasi ideasional)* yen tindak ilokusi *pengiriman wacana (antar pribadi)* (Tarigan, 2009: 101).

Tindak Tutur Ilokusi

Tindak tutur ilokusi yaiku tindak tutur kang ngemu maksud lan daya ing wedharan. Tindak tutur ilokusi terkadhang angel dingerteni, amarga tindak ilokusi ana gandheng cenenge antarane pamicara lan mitra tutur iku sapa, kapan lan ing ngendi tindak tutur iku ditindakake. Tindak ilokusi kalebu perangan kang wigati banget sajrone tindak tutur (Wijana 1996:19).

Kanggo nggampangake nengeri sawijine ukara klebu ing tindak tutur ilokusi utawa orane, miturut panemune Yule (2006: 85) kudu ndeleng ana utawa orane tembung kriya sajrone ukara kang diwedharake dening pamicara. Saliyane iku uga kanthi anane *penekanan komunikatif* sajrone caturan, kang biyasane awujud tawaran, pitakon, pakon.

Tindak Tutur Perlokusi

Nalikane pamicara medharake sawijine gagasan, mengkone bakal oleh *respon* saka mitra tuture. Jalaran gagasan kang diwedharake iku nduweni pangaribawa kang gedhe (*perlocutionary force*). Pangaribawa kang dirasakake dening mitra tutur iki mau bisa kanthi sengaja lan ora sengaja *dikreasikan* dening pamicarane. Tindak tutur kang nduweni daya pangaribawa marang mitra tuture sinebut tindak tutur perlokusi (Wijana, 1996: 20).

3. Tata Cara Panliten

Panliten iki sipate *deskriptif*. Dhata kang ana ing panliten iki dijupuk dening panliti ing *lapangan* yaiku sing diucapake dening penyiar MTB FM “Mangga Tresna Budaya”, banjur ditulis tangan iki kalebu dhata *primer* lan ana dhata *sekunder* sing

dijupuk saka buku, kamus, jurnal, makalah, karya ilmiah, lan sapanunggale sing gegayutan karo punjering panliten. Sumber dhatane yaiku sumber *substantive* lan sumber *lokasional*. Tata cara nglumpukake dhata nganggo *observasi*, *wawancara* lan *nyatet*. Tata cara ngandharake nganggo metode *konteks* lan *teks*, dene njlentrehake dhata kanthi cara *deskriptif*.

4. Asile Panliten

Adhedhasar andharan ana ndhuwur tindak tutur diperang miturut kagunane ing radio dadi 3, yaiku : (1) Menahi info utawa warta, (2) Menahi liyane gambaran, lan (3) Takon ya mung takon. Tindak tutur ilokusi miturut kagunane ing radio diperang dadi 4, yaiku : (1) Njaluk ngapura, (2) Meden-medeni, (3) Menahi pepenget lan sapanunggale, lan (4) Mrintah. Lan tindak tutur perlokusi saka panliten iki miturut kagunane ing radio diperang dadi 3, yaiku : (1) Ngajak, (2) Ngakon milih, lan (3) Ngakon tuku.

Perangan ana ndhuwur bisa didudut yen tindak tutur lokusi kagunane mung sewates menahi pambiwara, yen tindak tutur ilokusi nduweni daya kanggo pawongan sing dadi mitra tuture gawe ngelakoni samubarang, kejaba gelem utawa ora, lan tindak tutur perlokusi dayani wong akeh gawe ngelakoni samubarang

KAPUSTAKAN

Alwasilah, A. Chaedar. 1993. *Beberapa Mahzab dan Dikotomi Teori Linguistik (cetakan pertama)*. Bandung: Angkasa.

Arikunto, S. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta

- Azwar, Saifuddin. 1998. *Metode Penelitian*. Yogyakarta. Pustaka Pelajar
- Austin, 1962. *How to Do Things with Words*. Cambridge, Mass: Harvard U.P. Cruse D. Allan.
- Basir, Udjang Pr. M. 2002. *Sosiolinguistik Pendekatan Tintingan Bahasa Lisan*. Surabaya: University Press UNESA.
- Chaer, Abdul. 1995. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT Rineka Cipta
- Djajasudarma, T. Fatimah. 2012. *Wacana dan Pragmatik*. Bandung: PT Refika Aditama.
- Gudai, Darmansyah. 1989. *Panduan Pengajar Buku Semantik: Beberapa Topik Utama*. Jakarta: Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan Tenaga Kependidikan.
- Gunarwan, Asim. 1994. "Kesantunan Negatif di Kalangan Dwibahasawan Indonesia-Jawa di Jakarta" dalam *PELBA 7*. Jakarta: Unika Atmajaya Press.
- _____. 1994. "Kesantunan Negatif di Kalangan Dwibahasawan Indonesia-Jawa di Jakarta" dalam *PELBA 7*. Jakarta: Unika Atmajaya Press.
- _____. 1999. *Realisasi Tindak Tutur Melarang di dalam Bahasa Indonesia di Kalangan Penutur jati Bahasa Jawa dan Bahasa Batak*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan kebudayaan Universitas Indonesia.
- Ibrahim, Abd. Syukur. 1993. *Kajian Tindak Tutur*. Surabaya: Usaha Nasional.
- Kridalaksana, Harimurni. 1978. *Beberapa Masalah Linguistik Indonesia*, Jakarta.
- Leech, Geoffrey. 1993. *Prinsip-prinsip Pragmatik*. (Terj) M. D. D. Oka. Jakarta: Universitas Indonesia.
- Lubis, H.A. Hamid Hasan. 1991. *Analisis Wacana Pragmatik*. Bandung: Angkasa.
- Rustono. 1999. *Pokok-pokok Pragmatik*. Semarang: IKIP Semarang Press.
- Searle, J.R. (1969). *Speech Acts: An Essay in the Philosophy of Language*, Cambridge: Cambridge U.P.

- Setyawan, Taufan. (2010). *Basa Penyar TVRI Jawa Timur ing Adicara Campur Sari Tambane Ati*. Skripsi tidak diterbitkan. Surabaya: PBSO FBS Unesa.
- Sudaryanto.1986. *Metode Linguistik Bagian Pertama, Ke Arah Memahami Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- _____.1988. *Metode Linguistik Bagian Kedua: Metode dan Teknik Pengumpulan Data*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- _____.1990. *Aneka Konsep Kedataan Lingual Dalam Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- _____. 1993. *Metode dan Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- _____. 1995. *Linguistik: Identitasnya, Cara Penanganan Obyeknya, dan Hasil Kajiannya*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Suyono.1990. *Pragmatik: Dasar-Dasar dan Pengajarannya*. Malang:YA3
- Tarigan, Henry Guntur. 1984. *Pengajaran Bahasa (cetakan pertama)* . Bandung: Angkasa
- _____.1987. *Pengajaran Wacana*. Bandung: Angkasa
- _____.2009. *Pengajaran Pragmatik. Edisi Revisi*. Bandung: Angkasa
- Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Offset.
- Yule, George. 2006. *Pragmatik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar (Terjemahan).
- Zamzani. 2007. *Kajian Sosiopragmatik*. Penerbit: Cipta Pustaka.